

Poukisa viktim yo mal pou pale de sitiyasyon yo ?

- Agresè a entèdi yo pale de sa.
- Yo pè move konsekans si yo devwale sa.
- Yo pa konn a ki moun pou yo pale de sa.
- Yo pa fè pwofesyonèl yo konfyans.
- Yo wont oswa yo santi yo koupab.
- Y ap eseye pwoteje agresè a oswa lòt viktim yo.
- Yo santi yo enpwisan epi yo pa kwè sa ap mennen yon chanjman.



Lè viktim yo refize pale de sitiyasyon yo oswa yo refize rekonèt vyolans la, sa pa ta dwe entèprete tankou yon manti, tankou pwoblèm la pa rekonèt, manke volonte oswa manke kolaborasyon.

Fè alyans pou travay ak fanm yo se an jeneral pi bon fason pou asire sekirite ak byennèt timoun k ap viv nan yon kontèks vyolans konjigal.

Jwenn sipò

1. Pi fò kay pou ebèjman ofri sèvis ebèjman, enfòmasyon ak sipò pou fanm ak timoun ki viktim vyolans konjigal. An jeneral, li pa nesesè pou yo ebèje w pou gen aksè ak sèvis sa yo.

2. Kontakte SOS Vyolans konjigal: 514-873-9010 (24 è sou 24, 7 jou sou 7)

3. Sèvis polis vil Monreyal la (SPVM) : konpoze 911

4. Sèvis akèy CIUSSS Nord-de-l'Île-de-Montréal : 514 940-3300


2. Kontakte sant pou fanm nan katye w la.

Timoun ki ekspoze a vyolans konjigal: pi byen konprann pou fè pi bon entèvansyon

Viv nan yon kontèks vyolans konjigal

Simon Lapierre, Ph.D./Doktora,
ak kolaborasyon Alexandra Vincent



TABLE 
CONCERTATION
Z VIOLENCE
CONJUGALE
secteur Nord de Montréal

Créole

Viv nan yon kontèks vyolans konjigal

Timoun ki viv nan yon kontèks vyolans konjigal, yo viktim vyolans sa tou, dirèkteman oswa endirèkteman.

- Yo temwen ensidan kote gen vyolans.
- Yo tandè sa k pase antan yo nan yon lòt pyès nan kay la.
- Yo wè nan ki eta fizik kote yo ye apre yon ensidan vyolans.
- Yo wè detrès oswa blesi manman yo sibi.
- Yo ekspoze a yon anviwonman kote gen tansyon, kontwòl ak la perèz.
- Yo menm yo viktim vyolans nan men agresè a.

Kèk chif

Nan Kanada, apeprè yon demi milyon timoun viv nan yon kontèks vyolans konjigal (Statistique Canada/Estatistik Kanada, 2001).

Nan lekòl, sa vle di ke ant 2 ak 6 timoun nan chak klas viktim vyolans konjigal (Sudermann et Jaffe/Sudermann ak Jaffe, 1999).

Pi fò timoun ekspoze a sitiyasyon kote se papa yo sitou (oswa moun k ap viv ansanm ak manman yo) ki fè vyolans sou manman yo. Pa gen anpil timoun ki ekspoze a sitiyasyon kote se manman yo sitou ki fè vyolans la oswa kote se tou de paran yo ki fè l (Hamby et al./Hamby ak kòlèg, 2011).

Vyolans konjigal

Vyolans konjigal se yon mwayen yon moun chwazi pou kontwòle, domine epi afime pouvwa li sou fanm k ap viv ansanm avè l la oswa ansyen fanm ki t ap viv avè l. Vyolans la ka fizik, vèbal, sikolojik, emosyonèl, seksyèl, nan zafè finans (zafè lajan) oswa espirityèl. Li enpòtan pou evalye tout sitiyasyon a nèt pase pou konsidere diferan konpòtman yo apa.

Se pa vre lè w kwè ke vyolans la kanpe nan moman separasyon a fèt e li enpòtan pou rekonèt vyolans ki fèt apre separasyon. An reyalyte, fanm ak timoun ki viv nan yon kontèks vyolans siseptib pou yo viktim vyolans grav ak zak touye moun nan moman separasyon a.

Se agresè a (e se pa viktim la) ki responsab ke timoun yo ekspoze a vyolans sa

Vyolans konjigal ak relasyon manman-pitit

Gason ki gen konpòtman vyolan gen tandans pou sible matènite fanm la ak relasyon manman-pitit la :

- Fè menas ak vyolans sou timoun yo pou atenn fanm yo, e nan lòt sans la tou.
- Limite kominikasyon ant manman ak pitit.
- Minen otorite parantal fanm yo ak konfyans pou gen nan yo kòm manman.
- Blame manman yo pou vyolans la e pou konsekans li genyen sou timoun yo.

Fanm yo devlope diferan estrateji pou asire sekirite ak byennèt timoun yo, gen ladann :

- Veye konpòtman moun y ap viv avè l la pou yo ka di a lavans ki lè ensidan vyolans yo ka rive.
- Eseye fè prevansyon pou ensidan vyolans yo.
- Kenbe timoun yo lwen lè ensidan vyolans yo.
- Riske pwòp sekirite pa yo pou pwoteje pitit yo.
- Kontre kòn ak moun y ap viv avè l la oswa kite l.